

# FEYÈ SOU REYALITE SANTE PIBLIK

## Viris West Nile La

Depatman Sante Biblik Massachusetts, 305 South Street, Jamaica Plain, MA 02130

### Kisa Viris West Nile la ye (WNV)?

Viris West Nile la (WNV) se yon virus moustik pote ki ka koze maladi tankou ti lafyèv jiska maladi grav tankou ensefalit oubyen mennenjit. Yo te premye idantifye 1 Ozetazini an 1999.

### Kòman WNV epapiye?

Dabitid moun pran virus WNV a lè yon moustik ki enfekte mòde yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou diferan kalite moustik ki ka epapiye virus WNV a nan sit entènè t Depatman Sante Biblik Massachusetts nan [www.mass.gov/dph](http://www.mass.gov/dph), anba lèt A pou virus yo rele “arbovirus” nan Sijè sou Sante de A a Z.

WNV ka epapiye tou atravè transfizyon san oubyen resevwa ògann lòt moun. An plis de sa, gen ka ra yo repòte kote fi ansent oubyen fi k ap bay timoun tete ki enfekte avèk virus WNV a pase l bay tibebe yo. Kòm se raman yo repòte ka sa yo, efè sante sou yon timoun ki poko fèt oubyen y ap tete pa klè epi yo toujou ap etidyé sa.

Moun pa vin enfekte konsa paske yo gen kontak dirèk avèk lòt moun ki afekte, zwaso oubyen bêt.

### Poukisa mwen pa bezwen repòte vye bèt ki mouri ankò?

De 2000 a 2008, Depatman Sante Biblik Massachusetts (MDPH), te kolekte rapò epi fè tès pou WNV sou zwazo mouri nan Massachusetts kòm yonn nan plizyè fason pou siveye aktivite WNV atravè tout eta a. Nan ane resan yo, metòd sa a vin mwen itil pou jwenn virus la. Anpil lòt eta sispann afè repòte epi teste wzazo mouri. Kolekte epi teste moustik ba w endikasyon ki pi si sou aktivite aktyèl WNV epi se sou aktivite siveye moustik yo ap kontinye konsantre.

**Yo pa teste zwaso mouri ankò pou virus WNV a, yo pa bezwen repòte yo bay Depatman Sante Biblik Massachusetts.** Yo ka mete zwazo mouri nan fatra avèk prekosyon. Itilize gan, yon pèl oubyen sachè plastik pou kouvrí men w, ou ta dwe mete zwazo mouri an nan yon sachè double epi mete l nan fatra. Après a ou dwe lave men w.

### Ki sentòm WNV?

Majorite moun ki enfekte avèk virus WNV a (apeprè 80%) pap gen oken sentòm.

Yon ti pòsyon moun ki enfekte (apeprè 20%) ap gen sentòm tankou lafyèv, maltèt, ko fè mal, kè plen, vomisman, e pafwa glann nan kou yo anfle. Yo ka devlope yon gratèl nan pwatin yo, nan lestomak ak nan do yo.

Mwenske 1% moun ki enfekte avèk virus WNV la ap devlope maladi grav tankou ensefalit oubyen mennenjit. Sentòm maladi grav ka gen ladan yo gwo lafyèv, maltèt, kou rèd, pèdi konesans, dezoryante, koma, tranblad, kriz, feblès nan misk, pèt vizyon, angoudisman ak paralize. Moun ki gen plis ke 50 an gen plis risk pou yo devlope maladi grav.

### Èske virus WNV la komen anpil nan Massachusetts?

Paske pifò moun ki ekspose a virus WNV pa gen sentòm, li difisil pou konnen ekzateman konbyen moun ki enfekte. Yo souvan repòte moun ki devlope maladi grav avèk WNV a Ant 2000 a 2008, yo te repòte ke 60 moun te gen enfeksyon WNV nan Massachusetts. 6 nan moun sa yo te mouri. Yo idantifye ka tou atravè eta a.

### Èske gen tretman pou WNV?

Pa gen tretman espesifik pou enfeksyon WNV. Dabitid moun ki gen enfeksyon WNV ki pa grav reprann yo pou kont yo. Moun ki gen enfeksyon WNVgrav prèske toujou mande pou yo entènè lopital. Sentòm yo ka dire plizyè semèn epi efè newolojik yo ka pèmanan. Apeprè 10% moun ki devlope maladi grav ap mouri avèk enfeksyon an.

## Kisa w ka fè pou pwoteje tèt ou kont virus WNV a?

Etandoneke se moustik leplisouvan ki epapiye WNH la, men kèk bagay ou ka fè pou redwi chans pou yo pa mode w:

- Planifye aktivite deyò yo pou evite lè ant lè solèy kouche ak lè solèy leve, lè moustik yo pi aktif.
- Lè w deyò mete pantalon long, chemiz manch long ak chosèt. Li ka difisil pou fè sa lè tanperati a cho, men sa ap ede kenbe moustik lwen po w.
- Itilize yon pwodwi kont moustik ki gen “**DEET**” ladan 1 (N, N-diethyl-m-toluamide), **permethrin**, **picaridin** (KBR 3023), **IR3535** (3-[N-butyl-N-acetyl]-aminopropionic acid) oubyen **lwil yo rele “oil of lemon eucalyptus”** la [p-menthane 3, 8-diol (PMD)] daprè enstriksyon ki make sou pwodwi a.
  - Yo pa dwe itilize pwodwi DEET sou timoun ki gen mwens ke 2 mwa e yo ta dwe itilize 1 nan konsantrasyon 30% oubyen mwens sou timoun ki pi gran.
  - Yo pa ta dwe itilize lwil “lemon eucalyptus” la sou timoun ki gen mwens ke 3an daj.
  - Pwodwi yo rele “Permethrin” fèt pou itilize pou bagay tankou rad, soulye, kouvreli, ak aparèy pou kan e yo pa dwe mete l sou po.
  - Gen plis enfòmasyon sou chwazi ak itilize Pwodwi kont Moustik avèk prekosyon nan Feyè Enfòmasyon Depatman Sante Publik Massachusetts, e ou ka jwenn enfòmasyon sa a nan entènèt nan [www.mass.gov/dph](http://www.mass.gov/dph). Si ou pa gen aksè a entènèt, kontakte Depatman Sante Publik Massachusetts nan (617) 983-6800 pou jwenn yon kopi enfòmasyon an.
- Repare tout twou nan gri fenèt lakay ou pou moustik pa antre epi asire yo byen tache nan tout pòt ak fenèt.
- Retire bagay kote dlo chita arebò kay ou. Men kèk ide:
  - Tcheke arebò kay ou pou wè si pa gen mamit ak lòt bagay ki ka petèt kenbe dlo epi vide yo, jete dlo ki ladan yo regilyèman oubyen jis jete yo.
  - Pèse twou nan dèyè dwoum a resikle yo kite deyò yo yon fason pou dlo pa ret chita ladan yo.
  - Netwaye goutyè nan twa kay ki bouche, retire fèy ak debris ki ka anpeche dlo lapli koule.
  - Vire pisin an plastik ak bourèt yo lè w pap itilize.
  - Chanje dlo nan basen zwazo yo chak detwa jou; aere etan pou dekorasyon yo oubyen mete pwason ladan yo.
  - Kenbe pisin yo byen netwaye epi mete bon jan klorin ladan yo; retire tou dlo ki chita sou kouvèti pisin yo.
  - Koupe zèb yo pou eliminate dlo ki chita sou pwopriyete w.

### ÈSKE W TE KONNEN?

Moustik ka kòmanse miltiptye nan nenpòt ma dlo oubyen dlo ki chita pou plis ke 4 jou! Moustik ka leve nenpòt kote. **Pran mezi** pou redwi kantite moustik arebò kay ak nan vwazinaj ou. Òganize yon jou netwayaj nan zòn kote w rete a pou ranmase mamit nan kote ki vid ak nan pak pou ankouraje moun pa kenbe vye ma dlo nan lakou yo. Moustiki pa gen pwoblèm avèk baryè, avèk sa li enpòtan pou retire kote vye ma dlo ka chita nan tout zòn bò lakay ou

## Bezwen plis enfòmasyon?

- **WNV ak pwoteksyon pèsònèl:** MDPH, Divizyon Epidemiyoloji ak Vaksinasyon nan 617-983-6800 oubyen pa entènèt nan [www.mass.gov/dph](http://www.mass.gov/dph). Ou ka kontakte depatman sante kote w rete (li nan anyè telefòn nan gouvènman lokal la).
- **Kontwòl moustik nan vil oubyen vilaj ou a:** Yo fè Kontwòl nan afè Moustik nan 4 distri nan Massachusetts. Reklamasyon Eta a ak Kominte Ki Kontwole afè Moustik (SRMCB) sipèvize tout 9 distri yo. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte chak distri yo nan sit entènèt nan [www.mass.gov/agr/mosquito/districts.htm](http://www.mass.gov/agr/mosquito/districts.htm). Ou ka kontakte SRMCB nan Depatman Resous Agrikilti nan 617-626-1777 oubyen depatman sante kote w rete a.
- **Efè Pestisid sou sante:** MDPH, Sant pou Anviwonnan Sante at 617-624-5757